**दिन—सोमवार** **दिनांक—10.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

श्री नरेन्द्र मोदी प्रधानमंत्री पदक शपथ लेबा पर विश्वक नेता लोकनि द्वारा भेटल बधाई संदेशक लेल सभ के धन्यवाद देलनि अछि। सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे कनाडा के प्रधानमंत्री जस्टिन ट्रूडो कहलनि जे कनाडा दुनू देशक लोक सभक मध्य मानवाधिकार विविधता आ कानूनक शासन पर आधारित संबंध पर आगां बढ़ेबाक लेल भारत सरकारक संग काज करबाक लेल तैयार अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत आपसी समझ आ एक—दोसराक चिंता के सम्मानक आधार पर कनाडा के संग काज करबाक लेल उत्सुक अछि।

फिनलैंड के प्रधानमंत्री पेटेरी ओर्पो कहलनि जे ओ अपन संबंध के बनौने राखबाक आ लोकसभक हितक लेल मिलि कऽ काज करबाक लेल उत्सुक छथि। प्रधानमंत्री मोदी कहलनि जे ओ दुनू देशक संबंध मे गति आनबाक आ साझेदारी के बढ़ेबाक लेल फिनलैंड के संग मिली कऽ काज करबाक लेल उत्सुक छथि।

स्लोवेनिया के प्रधानमंत्री रॉबर्ट गोलोब कहलनि जे ओ दुनू देशक मध्य संबंध के मजगूत करबाक आ अंतर्राष्ट्रीय मंच पर सहयोग करबाक लेल तत्पर छथि। श्री मोदी कहलनि जे ओ दुनू देशक मध्य घनिष्ठ साझेदारी के आगाँ जारी सेहो राखताह।

---

माइक्रोसॉफ्ट के संस्थापक बिल गेटस कहलनि जे श्री मोदी स्वास्थ्य, कृषि, महिला नेतृत्व वला विकास आ डिजिटल परिवर्तन जकां क्षेत्र सभ मे वैश्विक प्रगति के लेल नवाचारक स्रोत के रूप मे भारतक स्थिति के मजगूत कयलनि अछि।

---

श्री नरेन्द्र मोदी आई तेसर बेर प्रधानमंत्री के पदभार ग्रहण करतहि किसान सम्मान निधि के सत्रहम किस्त जारी कयलनि अछि। एहि किस्त सँ नओ करोड़ तीस लाख किसान लोकनि के लगभग बीस हजार करोड़ टाका के लाभ भेटत। श्री मोदी कहलनि जे हुनक सरकारक पहिल निर्णय किसान लोकनि कल्याणक प्रति हुनक प्रतिबद्धता के जनबैत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आबऽबला दिन मे हुनक सरकार कृषि क्षेत्र आ किसान कल्याणक लेल

आओर प्रतिबद्धता के संग काज करत। एहि निर्णय पर बिहारक किसान लोकनि प्रसन्नता व्यक्त कयलनि अछि। दरभंगा जिलाक आसी गामक किसान शंभुनाथ मिश्र कहलनि जे सरकारक ई निर्णय विशेष सराहनीय अछि, आ किसान लोकनिक प्रति प्रधानमंत्री के प्रतिबद्धता के व्यक्त करैत अछि

————————————————————————

निर्वाचन आयोग सात राज्यक तेरह विधानसभा सीट पर होबयवला उपचुनावक कार्यक्रम के घोषणा कऽ देलक अछि। एहि मे सँ चारि विधानसभा क्षेत्र पश्चिम बंगाल मे, तीन हिमाचल प्रदेश मे, दू उतराखंड मे आ एक– एक बिहार, तमिलनाडु, मध्यप्रदेश आ पंजाब मे अछि। निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे एहि विधानसभा क्षेत्र सभ मे मतदान अगिला मासक दस तारीख के होयत आ मतगणना तेरह जुलाई के होयत। बिहार मे पूर्णियाँ जिलाक रूपौली विधानसभा सीट पर चुनाव होयत। ई सीट जदयू के विधायक बीमा भारती के त्यागपत्र के कारण रिक्त भेल अछि।

————————————————————————

आईआईटी मे नामांकनक लेल आयोजित संयुक्त प्रवेश परीक्षा– जेईई– एडवांस के परिणाम जारी कऽ देल गेल अछि। परीक्षा मे दिल्ली जोन के वेद लाहोटी देशभरि मे प्रथम स्थान प्राप्त कयलनि अछि। एम्हर, पटना के अनिकेत गोवाहाटी जोन मे दोसर स्थान पर छथि। जखनकि मुजफ्फपुर के प्रथम कुमार पांचम स्थान प्राप्त कयलनि अछि। एहि परीक्षा मे बिहार सँ तेरह हजार पाच सय आट्ठासी अभ्यर्थी मे सँ आठ सय सँ बेसी अभ्यर्थी लोकनि सफलता प्राप्त कयलनि अछि। परीक्षा परिणाम जारी भेला के बाद आईआईटी आ एनआईटी मे प्रवेशक लेल होबयवला ज्वाइंट सीट एलोकेशन सिस्टम– जोसा काउंसलिंग आई सँ शुरू भऽ रहल अछि। काउंसलिंग अट्ठारह जून धरि जारी रहत।

————————————————————————

राजधानी पटना सहित राज्यक बेसीतर भाग मे भीषण गर्मी आ लू चलि रहल अछि। पछुआ हवा के प्रभाव सँ लोकसभ के भोरहि सँ उसमवला गर्मी झेलऽ पड़ि रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत बेसी ठामक तापमान बियालिस डिग्री सेल्यिस सँ ऊपर पहुँचि गेल अछि। एहि अवधि मे छयालीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग बक्सर प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा के अंतर्गत बांका, नालंदा आ शेखपुरा सहित कतेको जिला मे भीषण लू

के स्थिति बनल रहत। विभागक अनुसार अगिला पांच दिन धरि राज्यक मौसम मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

—————————————————————

एम्हर, राज्यक उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम आइ भोरे हल्का बूंदा–बांदी भेल अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे अररिया, पूर्णिया आ किशनगंज जिला मे छिट–पुट वर्षा भेला सँ लोक सभ के गर्मी सँ किछु राहत भेटल अछि।

—————————————————————

गर्मी के अवकाशक बाद स्कूल खुलबा पर शेखपुरा के विद्यालय सभ मे प्रचंड गर्मी के प्रभाव सँ लगभग पच्चीस छात्र लोकनि बेहोश भऽ गेलाह।

सुपौल एसएसबी आ पुलिस संयुक्त रूप सँ छापामारी कऽ सैंतालीस किलो गांजा के संग एक व्यकित के गिरफ्तार कयलक अछि।

गोपालगंज जिला मे पुलिस छापामारी कऽ बारह साइबर अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि। अपराधी सभक लऽग  सँ सात लैपटॉप, बियालीस मोबाईल फोन, पचहतरि सीम कार्ड, सोलह ए.टी.एम कार्ड सहित कतेको समान बरामद कयलक अछि।

—————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।